# Taxtakópir rayonında paxta tazalaw zavodınıń ashılıw máresimi bolıp ótti




Búgin Taxtakópir rayonı "Ǵárezsizlik" mákan puqaralar jıyını aymaǵında "Qaraqalpaqstan agroklasster" juwapkershiligi sheklengen jámiyeti tárepinen qurıp pitkerilgen paxta tazalaw zavodınıń ashılıw máresimi bolıp ótti. Ashılıw máresimine rayon hákimi J.Adilov, Qaraózek rayonı hákimi U.Utambetov hám de tiyisli taraw basshıları menen birge jası úlken nuranıylar qatnastı.




Maǵlıwmat ornında atap ótiw orınlı, joybar bahası: 17mlrd. 850 mln. so’m.

Quwatlılıǵı: Jılına 40 mıń tonna paxtanı qayta tazalaw imkaniyatına iye

Eń baslısı jańadan 250 jumıs ornı shólkemlestiriledi.

Taxtakópir rayonı hákimliginiń málimleme xızmeti